

KISA SA VLE DI POU SE YON DEFANSÈ

Kijan w Defann Edikasyon ki Entegre pou pitit ou a?

01

Jwenn fason pou pataje sa w konnen sou timoun ou an.

02

Konprann dwa pitit ou an epi kisa lwa a mande.

03

Konnen pèsònèl lekòl lan ak responsabiltè yo pou timoun ou an.

04

Kominike nan yon fason byen efikas ak travay pozitif avèk tout pèsònèl lekòl lan.

05

Kwè vwa pa w ak vwa pitit ou an enpòtan!

Kijan Mwen Kapab Travay ak Lòt moun pou Entegre Pitit Mwen an?

Entegre timoun ki andikape yo nan klas edikasyon jeneral avèk timoun ki gen menm laj ak yo se pa jis yon lwa. Sa mache! Rechèch yo te montre pandan plis pase 30 lane ki pase yo entegrasyon bay timoun ki gen andikap yo avantaj. Gen kèk pwofesè ak fanmi kwè entegrasyon se pa yon opsyon pou elèv ki gen andikap mwayen oswa grav, men gen anpil prèv entegrasyon ki kapab - epi fè - fonksyone pou timoun ki gen tout kalite andikap. Entegrasyon bay timoun ki pa gen andikap yo avantaj tou menm jan ak anviwònman lekòl lan nèt.

Trant lane rechèch te montre patisipasyon fanmi kontribye anpil pou amelyore rezilta elèv nan sa ki gen rapò ak edikasyon epi siksè nan lekòl. Patipasyon w ak lidèchip ou nesèsè si pou pitit ou an entegre byen. Ou pral bezwen pou travay an patenarya avèk pwofesè yo, administratè yo, pèsònèl sipò yo, epi lòt moun pou fè edikasyon k ap entegre pitit w an tounen yon reyalyte.

Mo "defann" lan vle di pou bay vwa. Manm fanmi yo gen kòm devwa pou yo pale nan non pitit yo. Men si pitit ou an gen bezwen espesyal, responsabiltè an vin pi enpòtan toujou.



Ak kisa sa Sanble Reklamasyon ak Travay an Ekip?

Jwenn fason pou pataje sa w konnen sou timoun ou an:

"Jake sòti pase premye nwit li avèk granparan li yo semèn ki sot pase an la epi li te ede papa mwen pentire yon bato. Li se yon timoun ki entèlijan epi nou tout kwè li pral tounen yon granmoun endepandan epi ki gen kè kontan alafen. Sa se objektif pa nou pou li."

Konprann dwa pitit ou an nan pou jwenn edikasyon kote yo entegre li

Lwa sou Edikasyon Moun ak Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) ak Lwa sou Reyisit Chak Elèv (The Every Student Succeeds Act, ESSA) sipòte Entegrasyon nou vle pou Christina a. Sa kapab gen avantaj pou tout lekòl lan nèt - pa sèlman timoun ki gen bezwen espesyal yo. Sa kapab ede atenn objektif amelyorasyon lekòl ou an tou! "

Konnen mnm pèsònèl lekòl lan ak responsabite yo an vè timoun ou an:

"Madam Garner, terapèst lapawòl ak langaj, te eseye kèk nouvo fason pou ede Benny aprann nouvo vokabilè. Ann gade si li pral pataje sa ki te mache pi byen an avèk li avèk pwofesè edikasyon jeneral lan konsa Benny kapab itilize yo nan kou syans lan."

Kominike nan yon fason byen efikas ak travay pozitif avèk tout pèsònèl lekòl lan:

"Mwen panse w gen rezon Kenyan gen nesesite pou li amelyore lekti li. Li renmen li konsènan motosiklèt yo, konsa sa ta kapab motive li pou li kapab li pi souvan. Mwen ta renmen rete an kontak tout tan sou kijan bagay yo ap pase. Ki fason ki pi bon pou ou?"

Kwè vwa pa w ak vwa pitit ou an enpòtan:

"Aaliyah gen posibilite pou pale konsènan lekòl pou premye fwa. Li te pase yon bon ane lekòl epi mwen panse nou ta dwe envite li nan reyinyon IEP an. Mwen kwè li kapab reponn kèk kesyon enpòtan pou kont li."

Sa pitit ou bezwen dwe toujou nan mitan tout konvèsasyon ak desizyon ki gen rapò ak lekòl lan.

Patenarya pou Peter

* *Make etap paran Peter yo te pran pou defann li an **gra**.*

Peter se yon ti gason ki gen wit lane ki gen otis ak limit lè l ap kominike. Sòti nan lekòl matènèl rive nan dezyèm ane Peter te nan yon klas ki genyen timoun ki andikape sèlman. Nan fen dezyèm ane an paran li yo -Daria ak Arturo - yo kòmanse santi konpetans sosyal ak langaj Peter t ap devlope si li pase tout jounen an avèk timoun ki Pa gen andikap yo.

Daria ak Arturo te gen pwoblèm konsènan pwofesè edikasyon jeneral pou bezwen espesyal Peter yo pa te ba li pwoblèm. Kisa yo kapab, antanke paran, fè pou ede lekòl la sipòte pitit gason yo?

An Avril, **Daria ak Arturo te rankontre ak direktè lekòl lan, pwofesè edikasyon espesyal, ak yon pwofesè twazyèm ane** direktè an te chwazi. Paran yo **pataje objektif yo** pou lavni Peter ak **kisa yo te aprann konsènan avantaj entegrasyon pou timoun yo** Yo te vle lekòl la konsidere kapasite Peter yo. Yo te santi sa t ap jis pran tan pou pwofesè ak kamarad yo konprann kalite inik li yo ak fason pou aprann.

Pandan Peter te toujou nan klas edikasyon espesyal nan dezyèm ane an, **pwofesè ak paran yo te kòmanse diskite sou kijan menm sipò an ta dwe rive jwenn Peter nan sal klas edikasyon jeneral lan twazyèm ane an.** Daria ak Arturo te pare pou ede nan etablisman nouvo pwogram pou Peter ak **te ofri pou yo ede rezoud pwoblèm** pandan tout ane an.

Avan fen dezyèm ane an, **Daria ak Arturo te rankontre avèk ekip IEP Peter an:** pwofesè edikasyon eksepsyonèl ak jeneral, terapè lapawòl la, ak terapè pwofesyonèl la. Pandan reyinyon sa a, Daria ak Arturo te dakò pwofesè, terapè, ak kamarad yo te kapab reponn ak bezwen chak jou Peter yo. **Yo tout ap travay pou ede Peter adapte li** nan nouvo pwogram ak orè klas li. **Ekip la te pale sou lide yo** pou ede Peter aprann sa kamarad li ap aprann lan. **Yo tonbe dakò pou rankontre ankò de (2) semèn aprè lekòl te kòmanse** pou yo wè kijan bagay yo ap mache.

Malgre bagay sa yo pa te toujou ale san pwoblèm jan tout moun te planifye an, Peter te fè anpil pwogrè siyifikatif ak genyen anpil nouvo zanmi pandan ane li nan klas twazyèm ane li an.



*ffoto29/Shutterstock.com

Lè wap rankontre ak lòt moun pou diskite sou edikasyon pitit ou a, konsidere lè l sèvi avèk estrateji sa a, pou ede konsantre sou pitit ou.

Chèz Vid La

- Mete yon chèz vid sou je tout patisipan yo ki nan reyinyon an.
- Imajine timoun ou an ki chita sou chèz lan. Itilize prenon pitit ou an, dekri karaktè li bay gwoup la.
- Tout diskisyon yo ak desizyon yo te fèt pandan reyinyon an dwe konsantre sou pitit ou a epi yo ta dwe fèt nan bonjan enterè li.
- Moun yo kapab dakò oswa pa dakò sou sa ki nan bonjan enterè li, men chèz la te raple yo, pou kenbe pitit ou a konsantre nan tout desizyon yo.

Menm si pitit ou a rete nan kè diskisyon gwoup la, patisipan yo kapab konstate anpil nan desizyon yo kapab byen montre sa ki bon pou tout timoun yo.



* Pixelbliss/Shutterstock.com

Eskane kòd QR la pou tcheke lòt F.A.C.T. Folios (Feyè F.A.C.T.) pou jwenn plis detay sou entegrasyon!



Referans ak sit entènèt yo gen resous itil ak / oswa fòmasyon pou ede manm fanmi yo planifye pou edikasyon entegrasyon an patenarya avèk lekòl pitit yo.

Sant Beach sou Andikap yo: www.beachcenter.org

Sant PACER: www.pacer.org

Rezo Fanmi sou Andikap yo: www.fndfi.org

Rezo Lekòl sou Entegrasyon: www.inclusiveschools.org

Sistèm Resous Aprantisaj ak Dyagnostik FL: www.fdlrs.org

Kontakte Nou



fin
Florida
Inclusion Network

Jwenn FIN ki pi pre ou a sou sit entènèt nou an:

www.FloridaInclusionNetwork.com

oswa rele gratis sou nimewo 1-888-232-0421